

**ANALISIS MORAL KARAKTER DINA KUMPULAN CARITA RAKYAT SI
KABAYAN DIJADIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN PIKEUN
NEPIKEUN AMANAT DINA BUKU FIKSI DI SAKOLA MANENGAH**

LUHUR

ku

Siti Ipah Latifah

NIM 185030121

RINGKESAN

Ieu panalungtikan eusina hasil analisis moral tokoh-tokoh dina kumpulan carita rakyat Si Kabayan salaku alternatif bahan ajar nepikeun amanat dina buku fiksi di SMA. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho hasil analisis patali jeung masalah moral karakter, amanat anu aya dina hasil analisis katut mangpaatna salaku bahan ajar anu bisa digunakeun ku siswa kelas XI. Metode panalungtikan anu digunakeun nyaéta pamarekan kualitatif. Pamarekan anu digunakeun nya éta deskriptif kualitatif sangkan panalungtik bisa ngadéskripsikeun panalungtikan kalawan jelas, sistematis jeung lengkep. Wangun panalungtikan anu digunakeun nya éta analisis eusi, anu hartina nepi ka nyieun kacindekan ngeunaan hiji fenomena faktual. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta kumpulan dongéng Si Kabayan karya Achdiat K. Mihardja. Prosedur ngumpulkeun data ngagunakeun obsérvasi, wawancara, dokumentasi, téhnik triangulasi jeung analisis data. Kacindekan tina hasil panalungtikan (1) Aya 61 data hasil analisis 28 judul folklor. Ieu panalungtikan nuduhkeun yén aya 7 data pikeun moralitas hétéronom, sedengkeun 54 data pikeun moralitas otonom. Hal ieu ngabuktikeun yén kumpulan carita rakyat “Si Kabayan” leuwih loba ngandung kalakuan moral nu asalna tina kahayang pribadi, lain ku paksaan ti pihak séjén. (2) Tina hasil analisis dimeunangkeun 61 pesen anu aya dina unggal judul folklor. Pedaran amanat anu ditepikeun ku panalungtik téh mangrupa amanat boh anu diébréhkeun boh anu tersirat. (3) Data analisis moral tokoh-tokoh dina kumpulan carita rakyat Si Kabayan karya Achdiat K. Mihardja bisa dijadikeun bahan ajar basa Indonesia lantaran eusina KD. 3.11 nganalisis pesen dina buku fiksi nu dibacana.

Kecap Konci: Nganalisis, Folklor, Moral, Amanat, Bahan Pangajaran